# MEKTEPKE SHEKEMGI JASTAǴI BALALARDÍŃ FIZIKALIQ TÁRBIYASINIŃ WAZIYPALARI

**Abdullayev Mehriddin Junaydulloyevich**
Buxoro davlat universiteti "Sport nazariyasi va metodikasi" kafedrasi mudiri,
p.f.d (DSc), professor
**Saparbaeva Gulsanam Menlibaevna**
Jismoniy tarbiya va sport mashg'ulotlari nazariyasi va metodikasi magistranti
https://doi.org/10.5281/zenodo.15531234

***Annotatsiya.*** *Dene tárbiya balalardıń aqılıy ósiwine járdem beredi, sebebi nerv sisteması hám basqa organ hám de sistemalardıń normal jumısı ushın qolay shárayat jaratıladı, bul bolsa jaqsı rawajlanıwına hám eslep qalıw qábiletin rawajlandıradı. Balalarda bárshe psixikalıq protsessler (gúzetiw, es, oy), sonıń menen birge bir qansha operatsiyalar (analiz, sintez, ulıwmalastırıw, salıstırıw) rawajlanadı.*

*Balalarda jaqsı emotsiyalar, tetik, kewilxoshlıq keypiyatın tárbiyalaw júdá zárúr, sebebi bul emotsiyalar bárshe organlar hám organizm sistemalarınıń jumısına jaqsı tásir etedi.*

***Tayanish so`zleri:*** *Tárbiya beriw wazıypası. Bilimlendiriw baladan dıqqattı bir jayǵa toplawdı, Salamatlandırıw wazıypası. Bilim beriw wazıypası.*

Bilimlendiriw shaxstı hár tárepleme (aqılıy, fizikalıq) rawajlandırıwǵa qaratılǵan pedagogikalıq protsesstin bir bólimi bolıp esaplanadı. Dene tárbiyada háreketlerge úyretiw tárbiyashınıń basshılıǵında hám onıń baqlawı astındaǵı balalardıń erkin jumısında ámelge asırıladı. Háreketke úyretiwde balanıń ańlaw, shıdamlılıq kúshleri rawajlanadı hám onıń ámeliy háreket kónlikpeleri payda boladı. Háreketke úyretiw balanıń ishki dúnyası, dúnya qarası, salamatlıq hám ulıwma fizikalıq rawajlanıw ushın paydalı bolǵan háreketine maqsetke baǵdarlanǵan halda tásir etedi.

Bilimlendiriw mazmunın dene shınıqtırıwları, sonıń menen birge dástúrge tán tańlanǵan háreketli oyınlar shólkemlestiredi. Mektepke shekemgi jastaǵı balalar menen isleskende olardıń jas ózgeshelikleri esapqa alıw júdá zárúr, balanıń ańlı háreketinde kerek ayırım bilimler, balanı háreketke úyretiwshi usılları, jumısı hám olardı ámelge asırıwdıń bilim hám kónlikpeleri haqqındaǵı bilimler birligi shólkemlestiriledi [30].

Jańa nárseni ózlestiriw baladan fizikalıq hám psixikalıq kúshti, qıyınshılıqlardı jeńip ótiwdi talap etedi. Balanıń shınıǵıwlardı islewde jańa háreket wazıypaların hal etip barıwı sonıń menen baylanıslı ráwishte payda bolatuǵın úlken imkaniyatlar háreketler xarakteri hám sıpatın ózgertedi.

Qıyınshılıqlardı jeńiw hám jańa wazıypalardı sheshiw ushın balada jaman keypiyat payda etedi. Bul qıyın protsess bárqulla tárbiyashı baqlawı astında bolıwı kerek. Bir tárepten balanıń jańa háreket wazıypasın túsinip alıwdı támiyinlew lazım, ekinshi tárepten balada ǵárezsizlik, qızıǵıwshılıq, ǵayrattı oyatıw zárúr [32].

Bilimlendiriw baladan dıqqattı bir jayǵa toplawdı, jaqsı pikirlewdi, yadtı rawajlandırıwdı talap etedi, bilimlendiriw protsessi emotsional, háreket namunasi tárbiyashı tárepinen kórsetilse hám balalar tárepinen orınlansa obrazlı, sonıń menen awızeki, shınıǵıwlar balalardıń ózleri tárepinen ámelde orınlanıw menen baylanıslı bolsa motor háreket, bilimlendiriw protsessi erkin bolıwı kerek.

Dene tárbiyası sistemasınıń bárshe buwınlarındaǵı bir maqset: balalardı ómirge, miynet hám Watandı qorǵawǵa tayarlaw jumısın ámelge asırıw bolıp tabıladı. Mektepke shekemgi

tárbiya jasındaǵı balalardı fizikalıq tárbiyalawdıń wazıypaları, olardı jas ózgesheliklerin esapqa alǵan halda beriledi.

Mektepke shekemgi tárbiya orınlarında fizikalıq tárbiyanıń tómendegi wazıypaları bar.

1. Salamatlandırıw wazıypası.

2. Bilim beriw wazıypası.

3. Tárbiya beriw wazıypası.

Salamatlandırıw wazıypası - Ómirdi saqlaw hám den sawlıqtı bekkemlew, fizikalıq rawajlanıwdı jaqsılaw, organizm funktsiyaların rawajlandırıw, shınıǵıw jolı menen onıń túrli keselliklerge qarsı turıw hám shıdamlılıǵın, sırtqı ortalıqtıń jaman sharayatlarına (suw hám hawanıń pás hám joqarı temperaturası, quyash nurınıń tásiri) bolǵan qarsılıǵın asırıw. Bunnan tısqarı ulıwma jumıs qábiletin asırıw da zárúr.

Bala organizminiń rawajlanıwın esapqa alǵan halda den sawlıǵın bekkemlew wazıypaları tómendegishe:

- súyeklerdiń durıs hám óz waqtında qatıwı, omırtqanıń durıs ósiwi, tabannıń rawajlanıwı, buwın apparatınıń bekkemleniwine járdem beriw;

- dene bólimleriniń (proportsiyalar) durıs rawajlanıwına, súyeklerdiń ósiwi hám massasın bir tártipke salıwǵa járdem beriw;

- bárshe organizmniń rawajlanıwı (dene, ayaq, qol hám jelke, pánje, barmaqlar, taban, boyın, kóz, ishki organlar, júrek qan tamırları, dem alıw hám basqa organlar)

Bilim beriw wazıypası - Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı fizikalıq tárbiyalaw protsessinde tómendegi bilim beriw wazıypaları orınlanadı:

- háreket kónlikpesi hám bilim asırıw;

- fizikalıq sıpatlardı (shaqqanlıq, tezlik, iyiliwsheńlik, teńsalmaqlılıq, kóz benen shamalaw, kúshlilik, shıdamlılıqtı) ósiriw;

- durıs qáddi-qáwmet, gigiena kónlikpelerin tárbiyalaw;

- dene tárbiya haqqındaǵı bilimlerdi ózlestiriw.

Balalar nerv sistemasınıń plastikligi sebepli olarda háreket kónlikpelerine qaraǵanda jeńil rawajlanadı. Olardıń kópshiliginen (enbeklew, júriw, juwırıw, shana ushıw, velosipette qıdırıw) kúndelik háreket sıpatında paydalanıladı.

Háreket kónlikpeleri sırtqı átirap penen baylanıstı ańsatlastırıw hám onı biliwge járdem beredi; bala eńbeklep ózin qızıqtırǵan nárselerge jaqınlasadı, olar menen tanısadı; shanada júre alatuǵın; velosipette qıdıra alatuǵın balalar qar, samaldı ańsat qabıl etedi; júziw waqtında bolsa balalar suwdıń qásiyetleri menen tanısadı.

Dene tárbiyası shınıǵıwların durıs orınlaw músheler, buwınlar, súyek sistemasınıń rawajlanıwına jaqsı tásir etedi.

Mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı balalarǵa otırǵan, turǵan waqıtta hám júrgende qáddi-qáwmetin durıs tutıw kónlikpelerine úyretiw kerek,

Bul jastaǵı balalarǵa shınıǵıwlardıń paydası haqqında, fizikalıq shınıǵıwlardıń áhmiyeti hám texnikası, olardı ótkeriw metodikası haqqında, háreketli oyınlar haqqındaǵı fizikalıq tárbiyaǵa tiyisli bilimlerdi beriw áhmiyetli orın tutadı.

Alınǵan bilimler balalarǵa fizikalıq shınıǵıwlardan menen durıs shuǵıllanıw hám dene tárbiya qurallarınan erkin paydalanıw imkanın beredi.

Tárbiya beriw wazıypası - Dene tárbiyası protsessinde balalarda kún tártibine boysınıw, fizikalıq shınıǵıwlar menen hár kúni shuǵıllanıw kerekligin úyretiw, bul shınıǵıwlar menen mektepke shekemgi tálim orınlarında hám shańaraqta erkin shuǵılanıw bilimin rawajlandırıw,

olardı óz dosları menen hám kishi jastaǵı balalar menen ótkeriw kerek.

Dene tárbiyası protsessinde tárbiyalıq, aqılıy, estetik hám miynet tárbiyasın ámelge asırıwdıń úlken imkaniyatları bar.

Dene tárbiya balalardıń aqılıy ósiwine járdem beredi, sebebi nerv sisteması hám basqa organ hám de sistemalardıń normal jumısı ushın qolay sharayat jaratıladı, bul bolsa jaqsı rawajlanıwına hám eslep qalıw qábiletin rawajlandıradı. Balalarda bárshe psixikalıq protsessler (gúzetiw, es, oy), sonıń menen birge bir qansha operatsiyalar (analiz, sintez, ulıwmalastırıw, salıstırıw) rawajlanadı.

Balalarda jaqsı emotsiyalar, tetik, kewilxoshlıq keypiyatın tárbiyalaw júdá zárúr, sebebi bul emotsiyalar bárshe organlar hám organizm sistemalarınıń jumısına jaqsı tásir etedi.

Dene tárbiya estetikalıq tárbiyanı ámelge asırıw ushın qolaylıq jaratadı. Dene tárbiyası protsessinde miynet tárbiyası da ámelge asırıladı. Balalardıń den sawlıǵın bekkemlew, háreket kónlikpelerin payda etiw, miynet etiw ushın zárúr bolǵan fizikalıq páziyletlerdi rawajlandıradı.

**REFERENCES**

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2018 yil 5 martdagi “Jismoniy tarbiya va sport sohosida davlat boshqaruvi tizimini tubdan takomillashtirish chora-tadbirlari to‘g‘risida”gi PF-5368-sonli Farmoni
2. “Jismoniy tarbiya va ommaviy sportni yanada rivojlantirish chora-tadbirlari to‘g‘risida”gi O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2017-yil 3-iyundagi PQ-3031-sonli qarori..
3. O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti Sh.M.Mirziyoevning 2018-yil 5-martdagi “Jismoniy tarbiya va sport sohasida davlat boshqaruvi tizimini tubdan takomillashtirish chora-tadbirlari to‘g‘risida”gi PF-5368-son farmoni.
4. Ózbekiston Respublikasi «Jismoniy tarbiya va sport to’g’risida»gi Qonuni (1992, 2000,2015) Vazirlar Maxkamasining 1999 yil 27 may.
5. Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń Dene tárbiya hám sporttı elede rawajlandırıw haqqındaǵı qararı” 2017-jıl 3-iyun, PQ-3031-sanlı qararı.
6. Sporttı rawajlandırıw ministrligin dúziw haqqındaǵı O‘zbekistan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 18-fevraldaǵı PQ-136-sanlı qararı.
7. «Ōzbekiston sportchilarini 2021- yil Tokio (Yaponiya) shahrida bólib ótadigan XXXII yozgi Olimpiya va XVI Paraolimpiya óyinlariga tayyorgarlik kórish tóǵrisda» gi Prezident Farmoni.
8. Ózbekiston Respublikasi Prezidentining 2020 yil 24 yanvardagi “Ózbekiston Respublikasida jismoniy tarbiya va sportni yanada takomillashtirish chora-tadbirlari tóǵrisidagi Prezident Farmoni .
9. Xalmuratov, M. (2025). DENE TÁRBIYASI OQITIWSHILARINIŃ KÁSIBIY TAYARLIǴIN RAWAJLANDIRIW METODLARI. Modern Science and Research, 4(3), 390-395.
10. Халмуратов, М. Т. (2023). ПЕДАГОГИЧЕСКАЯ ПОДГОТОВКА ПРАКТИЧЕСКОЙ СИСТЕМЫ ФИЗИЧЕСКОГО ВОСПИТАНИЯ ДЕТЕЙ НАЧАЛЬНЫХ КЛАССОВ. Science and innovation, 2(Special Issue 7), 406-410.